



Pou Piblikasyon Imedya: 29/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO BAY 25 MILYON DOLA POU ETA NEW YORK
NAN KAD LWA SOU ENFRASTRIKTI BILATERAL LA POU FÈMEN PUI PETWÒL
AK GAZ ABANDONE YO**

***Fon yo ranfòse efò kontinyèl New York yo pou redui emisyon gaz ki lakoz efè sè
epi pwoteje dlo ki soutèren ak dlo sou sifas yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Depatman Enteryè Etazini te bay Eta New York 25 milyon dola nan kad Pwogram Sibvansyon Inisyal li a. Lajan sa yo, ki enkli nan Lwa sou Enfrastrikti Bilateral (Bipartisan Infrastructure Law) istorik la, ranfòse efò kontinyèl New York ap fè pou ede redwi emisyon gaz ki lakoz efè sè k ap chanje klima a soti nan enfrastrikti petwòl ak gaz ki aje ak abandone yo, epi tou pou pwoteje dlo soutèren ak dlo sifas yo.

"Lè nou lokalize, evalye, ak fèmen pui petwòl ak gaz sa yo ki gen plizyè deseni, nou ap fè gwo kontribisyon nan direksyon pou diminye polisyon lè a ki kontribye anpil nan chanjman klimatik lè yo anpeche kite metàn echape nan anviwònman an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Metàn reprezante prèske 10 pousan emisyon gaz efè sè chak ane eta a, epi redwi li se yon pati enpòtan nan angajman New York pou li konfwonte menas egzistans chanjman klimatik la tèt pou tèt. Mwen remèsye Delegasyon Kongrè New York la dèske li mete efò sa a nan Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la epi mwen pa ka tann pou mwen byen sèvi ak fon sa yo."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, Basil Seggos, te deklare, "DEC pa ka tann pou agrandi pwogrè nou nan fèmen pui petwòl ak gaz abandone yo nan benefis anviwònman an ak sekirite piblik la. Mwen bat bravo pou gouvènman federal la paske li te reyini ansanm sou akò bilateral sa a pou redwi risk ke pui abandone yo prezante nan dlo sifas ak dlo soutèren yo. Pui ki pa fèmen yo emèt metàn tou, ki se yon kontribitè nan chanjman klimatik la. Fon sa yo pral ede nou kontinye travay nou pou reyalize objektif klimatik anbisye New York yo."

An 2020, DEC ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te anonse deplwaman teknoloji dròn dènye modèl pou katografe ak lokalize pui petwòl ak gaz yo, kèk ladan yo te abandone sa gen plis pase yon syèk anvan egzistans kad regilatwa New York la. Pou sipòte efò sa a, an konjonksyon avèk [New York Works Well Plugging Initiative](#),

NYSERDA te invest nan ekipman ak enstriman dròn ki te bati sou mezi pou pilòt dròn DEC yo pou detekte prezans pui petwòl ak gaz ki te abandone yo, prensipalman ki sitiye nan Rejyon Santral ak Lwès New York, ki ka prezante risk pou anviwònman an. Yo te fouye rejyon sa yo pou jwenn petwòl ak gaz nan kòmanse 19èm syèk la anvan pwogram regilatwa sevè Eta a epi souvan nan kote ki lwen yo.

Depi 2013, DEC te fèmen plis pase 400 pi epi travay DEC sou pi abandone yo nan New York endike ke plizyè milye pui adisyonèl ka kontinye emèt gaz metàn nan atmosfè a. Fon federal sa yo, ki disponib gras ak Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la, sipòte efò kontinyèl nan New York pou byen fèmen plis petwòl ak gaz yo.

Finansman federal yo anonse jodi a konplete plizyè etap New York pou redwi emisyon metàn ak lòt gaz ki lakoz efè sè. Nan kòmansman ane sa a, [Gouvènè Kathy Hochul te anonse règlemantasyon finalize](#) ki egzije rediksyon enpòtan emisyon metàn ak lòt emisyon ki danjere ki soti nan nenpòt enfrastrikti petwòl ak gaz natirèl nan Eta New York. Règlemantasyon an make yon etap enpòtan nan realizasyon ajennda enèji pwòp ak klimatik Eta a ki lidè nan peyi a lè l diminye emisyon metàn yo a plis pase 14,000 tòn metrik pa ane ak emisyon konpozan òganik volatil yo a plis pase 2,000 tòn pa ane. Anplis de sa, règlemantasyon an 2020 yo etabli limit emisyon metàn ak lòt gaz efè sè yo egzije nan tout eta a diminye a 40 pousan vè 2030, 85 pousan vè 2050, ki enkli emisyon ki asosye ak konbistib elektrik ak fosil ki enpòte yo.

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Nan rejyon Nò eta New York, soti nan Southern Tier ak Sant New York rive nan Rejyon Lwès New York ak Finger Lakes, te devaste akòz pui petwòl ak gaz ki abandone pandan plizyè deseni ki kreye danje kache ki ka enfiltre polisyon nan lakou nou yo, sous dlo potab nou yo, ak kominote nou yo. Kounye a, gras a Lwa sou Enfrastrikti ak Travay Bilateral la ke mwen te defann, Rejyon Nò Eta New York pral resevwa 25 milyon dola nan finansman ki nesèsè anpil pou konfwonte defi anviwònman sa yo ki dire depi lontan epi fèmen plizyè santèn pui sa yo. Mwen fyè pou m delivre investisman federal siyifikatif sa a pou kreye travay lokal ki byen peye pou konbat chanjman klimatik epi asire minisipalite yo pa oblije pote tout fado finansye a pou netwaye kominote pa yo kont rès endistri konbistib fosil yo."

Reprezantan Nydia Velázquez, te deklare, "Kriz klimatik la se pi gwo menas pou avni planèt nou an, epi gaz ki lakoz efè sè yo se yon gwo kontribisyon nan kriz sa a. Mwen te fyè pou m sipòte Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la ki te bay New York plis finansman pou redwi emisyon gaz ki lakoz efè sè epi ede nou pi byen pwoteje anviwònman nou an. Avèk lajan sa a, New York ka kòmanse fèmen plis petwòl ak gaz ki abandone yo nan yon efò pou redwi emisyon gaz ki lakoz efè sè epi pou anpeche kontaminan yo antre nan dlo nou an."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Sezi opòtinite pou atake chanjman klimatik nan travay enfrastrikti nou an pral kreye yon Amerik ki pi pwòp, ki pi an sekirite, ki pi konpetitif. Se poutèt sa depi lontan mwen te fè mezi klimatik ak asenisman anviwònman vin pi gwo priyorite epi mwen te defann investisman solid nan Lwa sou Enfrastrikti Bilateral nou an epi ak dènye Lwa sou Rediksyon Enflasyon nou an, mezi

klimatik ki pi enpòtan ke Kongrè a te pran nan tout listwa. Mwen pral kontinye goumen pou finansman Federal ki sipòte efò New York ap fè pou kreye djòb, adrese enjistis anviwònmantal, devlope ekonomi nou an, epi konstwi yon pi bon avni pou nou tout."

Reduiksyon emisyon gaz ki lakoz efè sè yo se yon eleman enpòtan nan pwogram klima lidè nasyonal New York la, ki se inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki jis nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt. Dekri nan [Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè](#) (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo-emisyon dis 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab dis 2030, ak finalman atenn netralite kabòn nan echèl ekonomi an.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418